**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 31 январь Рузман № 8 (7878) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Загьидова Алжанат ГIабдулжабаровна-

***Россиялъул Социалияб Фондалъул Дагъистаналда бугеб Отделениялъул нухмалъулесул ишал тIуралей***

Алжанат Загьидова гьаюна 1978 соналъул 4 ноябралда Гьигьалъ росулъ.



1995 соналъ лъугIизабуна Агъвали гьоркьохъеб школа, 1998 соналъ - МахIачхъалаялда агро-экономикияб колледж. 2002 соналъ лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университет, 2013 соналъ -РФялъул юстициялъул министерствоялъул Россиялъулаб правовияб академия.

Пенсионнияб фондалъул системаялда хIалтIулей йиго 2004 соналдаса нахъе. 2024 соналъул ноябралда тIамуна Россиялъул Социалияб Фондалъул Дагъистан Республикаялда бугеб Отделениялъул нухмалъулесул заместительлъун.

2025 соналъул 14 январалда тIамуна Россиялъул Социалияб Фондалъул Дагъистаналда бугеб Отделениялъул нухмалъулесул ишал тIуралейлъун.

## Республикаялда 500 км. нухлул къачIазе буго

2025 соналъ 500 километр республикаялъул нухазул ва 13 кьо къачIазе хIисабалде босун бугилан лъазабуна республикаялъул транспорталъулги нухазул магIишаталъулги министр Жамбулат Салаловас.

Гьелъие федералияб ва республикаялъул бюджетаздаса 21,5 млрд. гъурущ бихьизабун бугин абун мухIкан гьабуна гьес.

«Развитие транспортного комплекса Республики Дагестан» абураб пачалихъияб программаялда рекъон 2024 соналъ республикаялъул нухал къачIазе хIалтIизабун буго 15,9 млрд. гъурущ. Нормативазда рекъон рукIине кколедухъ къачIан руго 440 алдаса цIикIкIун километралъ нухал ва 965 метралъул халалъуда кьоял.

Гьебго заманалда жаниб нилъер районалдаги нухал ва кьоял къачIаялъе хIалтIизабун буго 52 млн. гъурущ.

## Дагъистаналда СВОялъул гIахьалчагIазе реабилитациялъулаб центр рагьизехьин буго

Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас жиндирго официалияб телеграмм - каналалда баян гьабуна Россиялъул оборонаялъул министерствоялъ ва «Защитники Отечества» абураб пачалихъияб фондалъ рахъ кколеб бугин Дагъистаналда СВОялъул гIахьалчагIазе реабилитациялъулаб центр рагьиялъул суалалъул.

* * *

## Миллиял проектазе 20 млрд гъурущ бихьизабизе буго

РФялъул президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон улкаялда гIуцIун буго 19 миллияб проект. 2025-2030 соназ гьел проектал гIумруялде рахьинаризе нилъер республикаялъ федералиял органалгун гьабун буго 87 къотIи-къай. Гьезда гьоркьоса 46 къотIи-къаялъ тIалаб гьабулеб буго 2025 соналъ республикаялъе 20 млрд гъурущ бихьизабизе.

**Районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон 6 февралалда Агъвали тIобитIизе буго Дагъистаналъул пачалихъияв ва жамгIиявгун политикияв хIаракатчи ГIисаев Шапи-ХIажи ГIабдулаевич гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул тадбир.**

**Тадбир байбихьизе буго сагIат 10 ялда.**

### Юбилей

## АсхIаб ГIабдуразакъовасе- 70 сон!

**29 январалда 70 сон тIубана партиялъулгун советияв хIаракатчи, гIемер соназ нилъер районалъе нухмалъи гьабурав АсхIаб ГIабдуразакъовас.**

**Гьелда бан районалъул бетIер Шамил ГIумаровас АсхIаб СилахIудиновичасда баркулеб буго юбилей.**



ХIурматияв АсхIаб СилахIудинович!

Баркула дуда мун гьавураб къо, гьарула щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб ва рохел гьарзаяб гIумру.

РукIа абе дуда сверухъ кидаго мун ва дуе хирияв хьизан-лъимал, гьудул-гьалмагъзаби.

Щибаб къо букIа абе гвангъараб бакъул зодикь лъикIал пишабаздалъун ва хIасиладалъун гьарзаял.

Гьабулебщиналъулъ икъбалгун талихI дуе.

**Баркигун районалъул бетIер Шамил ГIумаров.**

### Гара-чIвари

## Ток халкъалъул буголъи ккола



**2 гьум. >>>**

### Спорт

## Лъабабилеб нухалъги цIунана чемпионасул цIар




**4 гьум. >>>**

### Газимухъалъул жагъаллъи

## Газ гьечIого гIемералъ хутIичIо

КIиго къоялъ, 25-26 январалъ, районалда чIезабун букIана газ. Гьигьалъ-гIурухъ росдада данде, гIор бахун доб рахъалда, кьурул кIуди-кIудиял ганчIал ртортун чIинтIизарун рукIана газалъул турбаби.



Гьебго къоялъ хехлъи гьабун авария ккараб бакIалде щвана районалъул газалъул магIишаталъул хIалтIухъаби. ТIоцебесеб къоялъго хIалтIи рагIалде бахьине рес рекъечIо гьоркьоса къотIичIого ганчIал ртортунел рукIиналъ. КигIан захIмалъаби дандчIваниги, газалъул магIишаталъул хIалтIухъабазда бажарана кIиабилеб къоялъ къалъилелдего районалде газ биччазе.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас баркала загьир гьабуна районалъул газалъул магIишаталъул хIалтIухъабазе жигараб хIалтIухъ, лебаллъиялъухъ ва бажариялъухъ. Гьединго районалъул гIадамазул рахъалъанги баркала гьезие оперативияб куцалда газимухъ къачIаялъухъ.

**ТIагьир АхIмадов**

Гара-чIвари

# Ток халкъалъул буголъи ккола

-Бихьанищ, гъарин, гьадав ЦIумадаса Сталиница гьабулеб жо районалдеги вачIун?! РукIун руго гурищ жакъаги халкъалъул тIалаб-ургъел бугел чагIи хутIун! Гьанже бихьила дол хIакимзаби-«фермеразул» хIал,-абун автобусалда жанир дида цере гIодор чIун рукIарал кIиго гIаданалъул ва гьездаго аскIор рахъунчIарал лъабгоялъулги харбихъ гIинтIамизабуна «ЦIумадаса Сталин» абурал рагIабаз. «Сталиница» къокъабго заманалда жаниб гьарурал хиса-басиязул бицунел рукIана гьел. Лъала, гьитIинго малъун букIана дидаги рокъосеб рокъоб тейин, къватIисеб къватIиб тейилан хабар, чидар ва кIудиязул харбида гьоркьое лъугьунгеян. Амма кин бугониги, яхI гьабизе кIвечIо. Дидасан цереккун гIодор рещтIунел гьездаго хадуйги лъугьун, гьикъана «КивгIаги вугев гьев «ЦIумадаса Сталин»?-» абун. Гьел дихъ балагьун хутIана доб «чидар харбиде гьоркьое лъугьин рекъараб гурин кIудияй гIаданалда» абулеб гIадин ва сихIкъотIун церехун ана. Кинго дун тIаса йичIинчIеб мехалъ, цоялъ абуна Унсоколо вугилан…




Циндаго ракIалде щвана араб соналъ МахIачхъалаялда тIобитIараб Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул турнир. Гьениб турниралъул спонсоразда гьоркьоб цIар рехсана Унсоколо районалъул электросетазул нухмалъулев, Къади Абакаровасул гIагарав чи ХIайбула ХIайбулаевасул цIар.

-ВахI, гьадав гIолохъанчийищха гьев «ЦIумадаса Сталин», -абун ккана ракIалде. Гьаб заманалдаги Сталин ва гьесул лъикIал пишабигун халкъалдехун букIараб тIалабчилъиги лъалел гIадамал хутIун ратиялдасанги йохана. Гьевги кодове щвезавун, гара-чIвари гьабизе пикру ккана. Лъай-хъвай гьабеха, ракьцоял, Кироваул росулъ гьавурав Эчедиса ХIайбула ХIайбулаевасулгун. РакIалде ккола гьесул цIар нилъеда жеги чанги рагIилин, лъикIал ишал гьарулел цогидал ракьцоязулго гIадин, цебесеб кьерда.

**-ХIайбула, мун лъалевги, цояс абухъего, гIадатияб халкъ гуребги, хIажалъи ккаралъуб квер бегьулел кIудиял хIакимзабиги руго, амма мун лъаларезулги къадар дагьаб гьечIо, хасго районалда. Лъала Унсоколо районалъул РЭСалъул нухмалъулевлъун вачIиналда цебеги мун чанги хъулухъалда вукIараблъи, гьенибги дуца дурго къвакIараб гIамал-хасият, яхI-намус бихьизабураблъи, аскIове вачIарасул, хасго «бицатаб чванта яги габур» гьечIесул къваригIел тIубазе хIадурав инсан вукIин. Бокьилаха дагьа-макъабго дурго хIакъалъулъ бицани, гьеб лъидасанго лъикI дур ишазги дуца кумек гьабуразги бицунеб букIаниги…**

-Къокъго абуни, араб соналъул июнь моцIалдаса хIалтIулев вуго дун гьанив, гьелде щвезегIан хIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда Гъизилюрталдагун МахIачхъалаялда.

Жакъа дида цадахъ хIалтIулел руго хIалбихьи жидер цIикIкIарал, токалъул киналго рахъал жидеда лъикI лъалел специалистал-энергетиказул 47 чи. Гьел ккола дир кваранаб квер, нижер идараялъул чIухIи, бечелъи, жидеда тIадкъарал ишал ракIбацIцIадго тIуразарулел хIалтIухъаби. Гьезда лъикI бичIчIула жидер пишаялъул кIвар цIикIкIинги, захIмалъигун хIинкъа-къайги цого даражаялда букIин. ГIемерсоназулаб захIматалдалъун хIалбихьи цIикIкIун бугелги руго хIалтIухъаби, гьездаса мисал босун лъикI хIалтIизе хIаракат бахъулел гIолохъаналги руго. Цадахъ лъугьун, рекъон бачуна нижеца хIалтIиги.

Электрикасул хIалтIи, нилъеда лъалаха, кигIан хIинкъи цIикIкIараб бугебали. Гьелъул буго жиндирго хаслъи, ахIи баралъуве тохтур гIадин, сордо бакьулъги ахIуд рахъине ккола нижги хIубал регарал, кварал тIурал ва цогидалги хIинкъи цIикIкIарал бакIазде авариялъул хIасилал рукIкIалиде ккезарун, гIадамазе канлъи букIинаби мурадалда. КигIанго бокьичIониги, гIемерисел хIубал руго 30-50 соналъ цебего лъураб, кваралги гьединго цIарал.

ГIаммаб куцалда районалъул 14 росулъ 190 км. халалъи буго ВЛI0кВ. токалъул кваразул, гьедигIанасебго къадаралда 04кВ ялъулги. Араб бащадаб лъагIалида жаниб хисун буго 94 хIуби, 9 трансформатор, 1 КТП (комплектная трансформаторная подстанция) ва 7,8 км. квар СИП тайпаялъулалде.

Диспетчеразул ва оперативияб къокъадул букIуна сордо-къоялъулаб дежурство подстанциялда. Нагагь хIажалъи ккани, ахIула ремонталъул бригадаялдасанги хIалтIухъаби ва уна хIажалъи ккараб бакIалде.

**-ГIемер рукIунищ ахIуд рахъизе ккарал ишал?**

-Гьеб гьава-бакъалъул рекъеялда бараб букIуна, ахирал соназ, аслияб куцалда, гьури-мучалда. Цере гIадин 40-70 см гIаздал гьанже балеб гьечIелъул. НахътIамичIого уна гьенире нижерго тIадаб иш тIубазе-ток рукIалиде ккезабизе. АхIи барабго къватIире рахъине хIажатаб алат-техника нижер буго. Нижерго къуваталдалъун хIалтIи бажарулареб хIал бугони, аскIор ругел районаздаса мадугьалзаби-пишацоял ахIула кумекалъе.

**-ХIайбула, ахирал соназ гIемер бицунеб, ай, модаялда бугеб хабар буго криптовалюта, майнинг-ферма абун. Цебе цо-цо кколеб букIараб ток бикъи гьелда дандеккун жого букIун гьечIин ккола, хIисаб гьабидал…**

-КигIанго бокьичIониги, буго гьеб «унти» жакъа нилъехъеги щун. ГIаммаб къагIидаялъ, 90% гIадатияб халкъалъе «унти» бугониги, хутIараб 10% бечедал хIакимзабазе «чIагого алжан» буго гьеб. РакIалде ккола, метер-сезе Хушетигицин гьел щвезе ратилин. Гьаниб, гIатIиракьалдайин абуниги бегьулеб Унсоколо районалдаги, гьел дагьал гьечIо, кигIанго бокьичIониги. БичIчIулеб жо, гьелъ токалъул къуват дагьлъизабулеблъи, напряжение гIечIого, яги гьелъул гIаксалда, циндаго цIикIкIун, техника холеблъи, гьоркьоса къотIичIого канлъи свинабулеблъи, гIадамазул рахIатхвей цIикIкIунеблъи.

Гьел ратиги, къайги ва гьезда данде рагъ байги нижер тIоцебесеб масъала буго.

Рукъзабахъ ток бикъи цоги суал буго. Гьелда сверухъги хIалтIи гьабулеб буго. Щибаб къойил щола нижер контролерал жидеда тIадкъарал участоказде халгьаби мурадалда, анкьил, моцIил хIасилал рачун, тIоритIула батIи-батIиял тадбирал гьеб суал рукIкIалиде ккезаби мурадалда. Ток бикъа-хъами дагьлъизаби мурадалда чанги кватIараб сардилъги рахъуна къватIире, гIодоркъоязги хIалтIи камуларо хIалтIухъабазул.

Гьанибго абун тела токги гIаммаб буголъи кколин халкъалъул ва бикъараб токалъухъ гIарац гуребги, судалде кьураб мехалъ, административияб гIакIаги къотIулин, гьелъулги гIарац кьезе кколин абун. Гьединлъидал, ургъун рихье цин ток бикъилалде.

70 чиясда тIад гIакIа къотIун буго ахираб бащадаб лъагIалида жаниб ток бикъа-хъамиялда хурхун.

Гьеб ккоярo мискин-пакъирасда тIад къотIараб гIакIа. Цо-цо хIакимзабиги ккана гьеб сияхIалде. Аллагьасдаги къануналдаги цере киналго ращад рукIин кидаго лъидаго кIочене бегьиларо, дун гьезда ва цогидазда гьеб малъулев чи гуро, тIоцебе диего ракIалдещвей гьабулев чи вуго.

**-Камуларо хIужаби контролеразул хъачIлъиялъул, къаси-къаси халгьабиялде рачIарал гьезулгун цо-цо клиентазул дандеккунгутIаби рукIиналъул…**

-КамичIо цо-цо гьединалги хIужаби, хасго кIудиял чагIазул рукIуна гIарзал, цо-цо гIиллабазда бан, токалъухъ гIарац кьезе кватIани, дагьаб цоцада ричIчIунгутIи кколеб бугилан, цо-цо контролераз жидерго ихтияраздаса цин-цин гIорхъолъа борчIараб хIалалда пайда босизе лъугьулел ругилан (превышение должностных полномочий). Гьединазда берцинго бичIчIизабула токалдаса пайда босулесул ихтияр, къанунал хвезарулел ратичIони, жал мекъал рукIин ва гIаммаб мацI батизе лъазе ккей, гуронани, гьелго гIарзал такрарлъани, гIарза хъвазе ккезе букIинги. КкечIоха кIиабизе такрарлъиялъул хIужа.

Цоги суал буго бакъанида щуго тIубаралдаса нахъе контролерал обходалде (халгьабиялде) иналъул. Къануналда рекъон, гьезул ихтияр гьечIо гIадамазе рахIатхвейги гьабун, ригьзабахъе ине. Амма гIемерисел гIадамал къад хIалтIуда яги цо-цо гIиллабазда бан рокъор рукIунел гьечIелъул, ккола хIужаби къаси анлъго-анкьго тIубараб мехалъ иналъулги. ГIадамазул дандечIей гьелда букIунаро, бокьараб мехалъ рачIаниги, ракI разияб гьоболлъи контролеразеги гьабун, хъулухъги тIубан, регIула. Баркала потребителазегун нижер хIалтIухъабиги ричIчIун, гьезул мурад тIубаялъухъ.

**-ХIайбула, бащадаб лъагIалил хIасилал рачанаха. Гьел квешал гьечIо…**

-ХIисабалде босарабщиналъул таманаб хIалтIи гьабуна, руго тIурачIого хутIарал хIалтIабиги. Амма кинабго рагIалде бахъичIониги, гIадамазул **гIарзазулгун гIарзабазул** хал гьабуна ва киналго тIурана. Аслияб куцалъ гьел рукIана цIиял минабазде ток бачиялъул ва счетчикал хисиялъул бицарал. Райцентралъул ва районалъул росабазул къватIазда къасисеб канлъи букIинабиялъул суал роцIцIинабиги бачуна цадахъго.

**-Щибха абилеб, гьарилеб дурго коллективалъе?**

-ТIоцебесеб иргаялда, щулияб сахлъи. Сахлъи бугелъулха сундулго аслу. Гьелда тIадеги. Нижер хIалтIи буго рагьараб зодикь - бакъукьгун гIазу-цIадакь гьабулеб. ТIабигIиял шартIазухъ балагьичIого. Киназего гьарула ракълилаб зоб, талихIаб гIумру, абонентазда гьелги, гьезда абоненталги ричIчIи, цадахъаб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**-КватIун кканиги, баркула дуда цIияб хъулухъ. Дуе гьебги, мун халкъалъеги ритIаги. Халкъалда жаниб энергетиказда «бакъул гIадамалилан» абун тIибитIараб цIар гIадада абураб батиларо нужер рахъалъ. Бакъулаллъун хутIизе тавпикъ кьеги нужее. Къокъабго заманалда гIемер лъикIал рагIаби абулел рагIана дур рахъалъ. Школазегун мадрасабазе, ясли-ахазегун рес къотIарал харабазе гьабулеб кумекалъул харбал бицаде хутIун руго…**

-Баркала баркиялъухъ дуеги, баркалаялъухъ халкъалъеги. ХIаракат бахъила жеги лъикIавлъун вукIине, гьезул рецц-бакъги аванс хIисабалда тун. Токалъул хIалтIухъабазул (энергетиказул) бигьаяб гуреб хIалтIи нилъеда ракIалде щола канлъиги сун, рокъоб бецIлъи рещтIарабго яги хIалтIулеб техника чIарабго. Бащадаб сагIаталъ канлъи гьечIони, яхI гьабизе кIоларого, «тIе-тIезабулеб» букIуна телефон халкъалъул гIарзаз. Дора кварал тIун ругин, гьанир хIубал турун ругин абураб жоги халкъалда бичIчIуларо. БитIараб буго гьезул, дидагоги бичIчIуларелъул, щай хIукуматалъ риидалго хIадуруларел чанагъал, хаселги цIоройги тIаде щвезегIан чIечIого, букIа гьеб токалъул яги газалъул рахъ. Энергетикалгун газовикалги чIагоял гIадамаллъидал, цIороялда хIалтIулаго, чанги унтула, сакъатлъи ккола.

Газ щвечIеб бакI республикаялда гIемер батаниги, ток жакъа къоялда нилъер гIумрудулъ аслиял шартIазул цояблъун ккола, гьединлъидал нилъеца баркала кьезе ккола сордо-къоялъухъгун гьава-бакъалъухъ балагьичIого, нилъее канлъиги хинлъиги чIезабулел энергетиказе. Дунго гьезул чи вукIиналъ гуребха, дунги гьеб хIалтIизабулезул цояв, гIадатияв абонент вукIиналъ…

**P.S.**

Жив гьеб хъулухъалда цIияв чи вугин ва цогидаздаса тIокIборчIараб жоги жиндир щибго гурилан, гIадатияв магIаруласул гIодовиччайги чIухIи гьечIолъиги бихьизабуна ХIайбулаца. Амма гьеб гIиллалъун кколарин ккола дидаго киса-кибего бицунеб бугеб гьесул сахаватлъиялъул бицинчIого тезе. БитIараб буго: квегIалда квараналъ гьабураб садакъа лъазе кколарин бицен буго. Амма гьедин бахчун тани, цогидазги мисал босизе ккеларищ лъикIал пишабазул?! Гьелин абуни, гьесул дагьал гуро ругел. ГIеларищ МахIачхъалаялда ругел Палестинаялдаса хъизан-лъималазе машина цIун битIараб сайгъат-салам.

Бицаде ун буго лъималазул ахалъул хIалтIухъаналъ жиндирго рохел загьир гьабун ватсапалда битIараб, жидер идараялъе расанкIабаздалъун ХIайбулаца гьабураб кумекалъул бицараб хабар цояз цоцазухъе битIун.

Гьединго мадрас базе, школа-интернатазе гьарулел садакъабиги камуларо гьесул. Аллагьас аза-азариде даража бахинабун, къабул гьабеги гьабурабщинаб.

**Гъоркьехун рахъулел руго ХIайбулал хIакъалъулъ цо-цо гIадамазул бицинал.**

-Дур цIар бахъулездагицин рагIи абизе теларо, щай квешаб рахъалъ дур цIар рехсезе кколеб? Аллагь разилъаги, вац ХIайбула, дуда. ЦохIо дун гуревги, тIолго мадугьалзабиги рази руго дудасанги дур хIалтIудасаги. Кваралги цере гIадин рухIулел, рагIарулел гьечIо, канлъиги цIикIкIана, рокъоб хIажатаб техника-алатги квал-квал гьечIого хIалтIулеб буго. Нижерго чагIи рукIана дуда цереги гьенир хIалтIулел, ва амма, пайда щибха… чан нухалъ аскIоре аниги, гIарзахъданиги, бербалагьи лъилго букIинчIо халкъалдехунги гьелъул гIузрабаздехунги. Нижер хъулухъалде ккарав чи мун гуро, амма, лъан букIа, вац, щиб хIажалъи кканиги, ниж, ансал, дуда аскIор рукIин…**(Балахьуниса Наби).**

-Дун хIалтIуде ячIаралдаса араб 20 соналда жаниб бихьараб-рагIараб жо букIинчIо лъималазул ахалъе расанкIабини щиб, тIоцебесеб хIажалъиялъе яги расанкIаби росизецин бюджеталда гIарац букIин. Гьав чиясе баркала кин кьелебали, лъималазулги нижергоги рохел кин загьир гьабилебали лъаларого, малъкъосун йиго дун, бицун рагIалде щолеб жо гуро гьес нижер лъималазул ахалъул анкьабго къокъаялъе гьабураб сайгъат. **(Майданское росдал лъималазул ахалъул нухмалъулей ПатIимат).**

-ХIайбула вуго гьитIинасе вацлъиги кIудиясе васлъиги гьабизе лъалев магIарулав. Токалдаса пайда босулел жиндирго чагIи гIадин, къабул гьарулев, киназулгунги гIаммаб мацI батизе лъалев, кколезухъан хIалтIи тIалаб гьабулев, жинда цадахъ хIалтIизе ракI балев, хIажалъи ккаразе хIалае ватулев, дуниялги динги цадахъ бачулев нухмалъулев. Гьесул рахъалъ тохаб рагIи абурав чи ккани, дица кьела гьесда цебе жаваб ва рахъ кквела ХIайбула Жалаловичасул. Щайгурелъул гьев мустахIикъав вукIун гьелъие.

ГIемер мустахIикълъана гьев районалъул бетIерасул, райадминистрациялъул ва цогидалги идарабазул нухмалъулезул рахъалдасан Баркалаялъул кагътазегун ХIурматалъул грамотабазе гьесул ракIбацIцIадаб, квер гIатIидаб хIалтIухъгун сахаватлъиялъухъ. **(СултIан-МухIаммад, Унсоколо РЭСалъул нухмалъулесул заместитель).**

**Хадижат Залимханова**

# Положение

**о проведении районного турнира по мини- футболу, посвящённого памяти государственного и общественно-политического деятеля Исаева Шапигаджи Абдулаевича**

**1.Цель мероприятия**

Укрепление дружбы между молодёжью и спортсменами района

Развитие братских отношений между цумадинцами.

Пропаганда здорового образа жизни.

**2. Условия проведения**

В соревнованиях участвуют команды, состоящие из выходцев Цумадинского района, независимо от места проживания. После жеребьёвки чётные и нечётные номера делятся на сетку А и Б. Все встречи на выбивание. В первом круге делается «приведение» для того что бы в сетке остались 16; 8 ; 4 команд. Состав команды: 10 игроков, 1 представитель, 1 тренер. (на поле играют 4 полевых игрока и 1 вратарь, в течении игры замены неограниченны). Каждая команда предоставляет двух судей для обслуживания турнира.

**3.Место и время проведения**

Соревнования проводятся 5-6 февраля 2025 года в с.Агвали. Предварительные игры пройдут 5 февраля, а финалы за 1-2 и 3 места состоятся с 13.00ч. 6 февраля. Заявки, заверенные печатью главы села и медучреждения, принимаются до 18ч. 00 мин. 4 февраля. Предварительные заявки подают на имя главного судьи соревнования Магомедова А. А. тел. 8 963-403-34-49.

Мандатная комиссия и жеребьёвка состоится 4 февраля в 18 ч. 30 мин.

Команда, опоздавшая и своевременно не представившая заявку для участия к соревнованиям не допускается.

Начало соревнований в 10 ч. 00 мин. 5 февраля 2025г.

**4.Награждение**

Команда победителей и призёров награждается кубками, медалями, денежными призами и дипломами соответствующих степеней от организаторов мероприятия:

1 место-30000 руб. 2 место-20 000 руб.

3 место - 10 000 руб.

Расходы по участию в турнире несут командирующие организации.

**Контактный тел. 8 9326212707**

---

**Приложение**
**к решению Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район»**
**от 25 декабря 2024 г. №6**

# Распределение

**дотации поселениям муниципального района «Цумадинский район» на 2025-2027 годы**

тыс. руб.

| Наименование поселений | 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|
| Кванада | 2856 | 2090 | 2090 |
| Тлондода | 1880 | 1338 | 1338 |
| Хуштада | 3765 | 2619 | 2619 |
| Тисси | 1980 | 1408 | 1408 |
| Тинди | 5945 | 4127 | 4127 |
| Хварши | 1944 | 1382 | 1382 |
| Инхоквари | 1885 | 1341 | 1341 |
| Хушет | 2195 | 1569 | 1569 |
| Н/Хваршини | 2055 | 1456 | 1456 |
| Метрада | 1694 | 1215 | 1215 |
| Гакко | 1130 | 794 | 794 |
| Сильди | 1100 | 768 | 768 |
| Эчеда | 2800 | 1951 | 1951 |
| Кеди | 2128 | 1501 | 1501 |
| Саситли | 1504 | 1089 | 1089 |
| Цумада | 1685 | 1224 | 1224 |
| В/Гаквари | 2120 | 1497 | 1497 |
| Н/Гаквари | 2200 | 1525 | 1525 |
| Гадири | 1910 | 1361 | 1361 |
| Гигатли | 3280 | 2276 | 2276 |
| Шава | 4205 | 3066 | 3066 |
| Кочали | 2040 | 1445 | 1445 |
| Агвали | 8050 | 5600 | 5600 |
| Не распределенный резерв (на проведение выборов) | 1510 | 0 | 0 |
| ИТОГО | 61861 | 42642 | 42642 |

# Ходатайство об установлении публичного сервитута

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Администрация муниципального района «Цумадиниский район» Республики Дагестан<br>(наименование органа, принимающего решение об установлении публичного сервитута) | |
| 2 | Сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута (далее - заявитель): | |
| 2.1 | Полное наименование | Общество с ограниченной ответственностью «ГазификацияСпецПроект» |
| 2.2 | Сокращенное наименование (при наличии) | ООО «ГазификацияСпецПроект» |
| 2.3 | Организационно-правовая форма | Общество с ограниченной ответственностью |
| 2.4 | Почтовый адрес (индекс, субъект Российской Федерации, населенный пункт, улица, дом) | 195277, город Санкт-Петербург, проспект Большой Сампсониевский, дом 28, корпус 2, литера Д, помещение 43-Н № 82 |
| 2.5 | Адрес электронной почты | gsp@gsp.gazprom-investgaz.ru |
| 2.6 | ОГРН | 1177847097504 |
| 2.7 | ИНН | 7802614946 |
| 3 | Сведения о представителе заявителя: | |
| 3.1 | Фамилия | Кизюн |
| | Имя | Павел |
| | Отчество (при наличии) | Александрович |
| 3.2 | Адрес электронной почты (при наличии) | gsp@gsp.gazprom-investgaz.ru |
| 3.3 | Телефон | +7 (87934) 5-54-31, доб.114 |
| 3.4 | Наименование и реквизиты документа, подтверждающего полномочия представителя заявителя | доверенность от 27.09.2024 серия 78 АВ номер 4993628, удостоверена Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербурга, зарегистрирована в реестре за номером 78/688-н/78-2024-7-141 |
| 4 | Прошу установить публичный сервитут в отношении земель и (или) земельного участка (земельных участков) в целях (указываются цели, предусмотренные статьей 39.37 Земельного кодекса Российской Федерации или статьями 3.6, 3.9 Федерального закона от 25 октября 2001 г. №137-ФЗ «О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации»): реконструкция и эксплуатации линейного объекта системы газоснабжения местного значения «**Газопровод межпоселковый к с. Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп. описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (код стройки 48802-20)»** в соответствии с п.2 ст.39.37 Земельного Кодекса РФ | |
| 5 | Испрашиваемый срок публичного сервитута: 49 (сорок девять) лет | |
| 6 | Срок, в течение которого использование земельного участка (его части) и (или) расположенного на нем объекта недвижимости в соответствии с их разрешенным использованием будет в соответствии с подпунктом 4 пункта 1 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации невозможно или существенно затруднено в связи с осуществлением деятельности, для обеспечения которой устанавливается публичный сервитут (при возникновении таких обстоятельств) - общий срок реконструкции 5 месяцев | |
| 7 | Обоснование необходимости установления публичного сервитута:<br>- реконструкция и эксплуатация объекта «**Газопровод межпоселковый к с.Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп.описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (код стройки 48802-20)»**., прокладка, переустройство, перенос инженерных коммуникаций, их эксплуатация в границах полос отвода автомобильных дорог;<br>- Программа развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на 2021–2025 г., соглашение о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 № 57;<br>- Программа реконструкции и технического перевооружения газового хозяйства АО «Газпром газораспределение» на 2020 год;<br>- Проект организации строительства (Упр6-241/21-48802-20-ПОС) от 2022 г., выполненный ООО «СтройГазКомплект»; | |
| 8 | Сведения о правообладателе инженерного сооружения, которое переносится в связи с изъятием земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также о правообладателе инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкция, капитальный ремонт которого (реконструкция, капитальный ремонт участков (частей) которого) осуществляются в связи с планируемым строительством, реконструкцией, капитальным ремонтом объектов капитального строительства, в случае, если заявитель не является правообладателем указанного инженерного сооружения (в данном случае указываются сведения в объеме, предусмотренном строкой 2 настоящей формы) (заполняется в случае, если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции его участка (части), которое переносится в связи с изъятием такого земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции, капитального ремонта инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции, капитального ремонта его участков (частей): не требуется к заполнению | |
| 9 | Кадастровые номера земельных участков (при их наличии), в отношении которых подано ходатайство об установлении публичного сервитута, адреса или иное описание местоположения таких земельных участков | 05:38:000000:188<br>Республика Дагестан, р-н Цумадинский |
| 10 | Право, на котором инженерное сооружение принадлежит заявителю (если подано ходатайство об установлении публичного сервитута для реконструкции, капитального ремонта или эксплуатации указанного инженерного сооружения, реконструкции или капитального ремонта участка (части) инженерного сооружения, являющегося линейным объектом): не требуется к заполнению. | |
| 11 | Сведения о способах представления результатов рассмотрения ходатайства: | |
| | в виде электронного документа, который направляется уполномоченным органом заявителю посредством электронной почты | да (да/нет) |
| | в виде бумажного документа, который заявитель получает непосредственно при личном обращении или посредством почтового отправления | да (да/нет) |
| 12 | Документы, прилагаемые к ходатайству:<br>Сведения о границах публичного сервитута, включающие графическое описание местоположения границ публичного сервитута и перечень координат характерных точек этих границ в системе координат, установленной для ведения Единого государственного реестра недвижимости (в форме электронного документа);<br>Копия доверенности от 27.09.2024 серия 78 АВ номер 4993628, удостоверенная Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербурга, зарегистрированная в реестре за номером 78/688-н/78-2024-7-141. | |
| 13 | Подтверждаю согласие на обработку персональных данных (сбор, систематизацию, накопление, хранение, уточнение (обновление, изменение), использование, распространение (в том числе передачу), обезличивание, блокирование, уничтожение персональных данных, а также иных действий, необходимых для обработки персональных данных в соответствии с законодательством Российской Федерации), в том числе в автоматизированном режиме | |
| 14 | Подтверждаю, что сведения, указанные в настоящем ходатайстве, на дату представления ходатайства достоверны; документы (копии документов) и содержащиеся в них сведения соответствуют требованиям, установленным статьей 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации | |
| 15 | Подпись: | Дата: |
| | ____________________ П.А. Кизюн<br>(подпись) (инициалы, фамилия) | |

**Спорт**

## Лъабабилеб нухалъги цIунана чемпионасул цIар




25 январалда Дубаялда Coco-CoIa Arenалда тIобитIана журарал рагъазул BeIIatorалъул турнир. Гьениб аслияб лъугьа-бахъинлъун букIана BeIIatorалъул рахъалъ дунялалъул чемпион, къей лъаларев Силдиса ГIусман НурмухIамадовасулгун ирландиялъул Пола Хьюзал титулалъулаб рагъ.

ДандчIвай ана щуябго раундалъ, судиязул хIукмуялда рекъон ГIусман НурмухIамадов рикIкIана бергьаравлъун.

26 сон барав ГIусманил гьеб букIана чемпионасул цIар цIуниялъе лъабабилеб цевевахъин. Гьесие чемпионасул цIар щвана 2022 соналъул ноябралда бразилиялъулав Патрики Фрейриги къезавун.

ТIоцебесеб нухалъ ГIусманица чемпионасул цIар цIунана 2023 соналъул марталда американав Бенсоона Хендерсониде тIад бергьенлъиги босун. 2024 соналъул сентябралда Сан-Дисгоялда НурмухIамадовас кIиабизеги цIунана чемпионасул цIар ватIанцояв Александр Шаблиеги къезавун.

ГьанжелъизегIан ГIусманица гьабуна 19 дандчIвай, киналниги дандчIваял лъугIизаруна бергьенлъигун.

## Дагъистаналъул первенство

Гьал къояз Каспийск шагьаралда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U18) эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенир цере рахъарал нилъер районалъул ДЮСШялъул выпускниказул кIигояс ккуна кIиабилеб бакI, цоясе щвана лъабабилеб бакI.

Агъвалиса МухIамадхалил Загьидовас(65кг.) ва ТIисси-Ахикьа МухIамад Лабазановас(80кг.) ккуна кIиабилеб бакI. ТIиндиса Мурад МухIамадов(80кг.) ккана лъабабилеб бакIалде.

Гьев лъабасго гIахьаллъи гьабизе буго СКФОялъул первенствоялда.

## Меседил медалалъул хважаин



Гьал арал гIодоркъояз Красноярск шагьаралда тIобитIана Иван Ярыгин рак1алде щвеялъул Кубокалъе эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб иргадулаб турнир.

Кидаго гIадин, исанаги гьенир гIахьаллъана дунялалъул машгьурал гугарухъаби. ЛъикIал хIасилал рихьизаруна командаялъулаб тIоцебесеб бакI ккураб нилъер республикаялъул командаялъ.

79 кг. цIайиялда цеве вахъарав нилъер ракьцояв Акнадаса АхIмад ГIусманов лъабабилев нухалъги вахъана турниралъул чемпионлъун. Гьебго цIайиялда мазгарул призерлъун вахъана Кванхиса Жамал АхIмадудиновги.

## СКФОялда бергьана

Арал гIодоркъояз, 25-26 январалда, Каспийск шагьаралда тIобитIана греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U21) СКФОялъул первенство.

Гьениб 97 кг. цIайиялда, дандиязе бергьине кинабгIаги рес кьечIого, тIоцебесеб бакI ккуна ТIиндиса Сайпула ХIажимухIамадовас.



Гьеб тIоцебесеб бергьенлъи кколаро Сайпулал, цевеккунги вахъун вукIана гьев гьебго борхалъиялде. Спортивияб гIумруялъулъ гьесул букIинесеб жеги цебе буго.

**Шамил Бадрудинов**

**Приложение**
**к решению Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район»**
**от 25 декабря 2024 г. №6**

## Налоги и неналоговые доходы поселений района на 2025 год и на плановый период 2026-2027 годов МР «Цумадинский район»

| Наименование поселений | Налог на доходы с физических лиц | | | Налог на имущество с физических лиц | | | Земельный налог | | | Единый сельскохозяйственный налог | | | Неналоговые доходы | | | Итого закрепленных доходов | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2025 г | 2026 г | 2027 г | 2025 г | 2026 г | 2027 г | 2025 г | 2026 г | 2027 г | 2025 г | 2026 г | 2027 г | 2025 г | 2026 г | 2027 г | 2025 г | 2026 г | 2027 г |
| Кванада | 54,6 | 54,6 | 54,6 | 15,0 | 15,0 | 15,0 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 4,5 | 4,5 | 4,5 | 35 | 35 | 35 | 113,1 | 113,1 | 113,1 |
| Тлондода | 24,4 | 24,4 | 24,4 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 8,0 | 8,0 | 8,0 | 30 | 30 | 30 | 73,4 | 73,4 | 73,4 |
| Хуштатда | 157,6 | 157,6 | 157,6 | 28,0 | 28,0 | 28,0 | 18,0 | 18,0 | 18,0 | 10,0 | 10,0 | 10,0 | 35 | 35 | 35 | 248,6 | 248,6 | 248,6 |
| Тисси | 27,8 | 27,8 | 27,8 | 12,0 | 12,0 | 12,0 | 8,0 | 8,0 | 8,0 | 3,0 | 3,0 | 3,0 | 5 | 5 | 5 | 55,8 | 55,8 | 55,8 |
| Тинди | 126,2 | 126,2 | 126,2 | 53,0 | 53,0 | 53,0 | 39,0 | 39,0 | 39,0 | 15,0 | 15,0 | 15,0 | 115 | 115 | 115 | 348,2 | 348,2 | 348,2 |
| Хварши | 39,3 | 39,3 | 39,3 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 12,0 | 12,0 | 12,0 | 3,5 | 3,5 | 3,5 | 55 | 55 | 55 | 113,8 | 113,8 | 113,8 |
| Инхоквари | 33,0 | 33,0 | 33,0 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 17,0 | 17,0 | 17,0 | 2,0 | 2,0 | 2,0 | 40 | 40 | 40 | 98,0 | 98,0 | 98,0 |
| Хушет | 41,7 | 41,7 | 41,7 | 7,0 | 7,0 | 7,0 | 16,0 | 16,0 | 16,0 | 2,0 | 2,0 | 2,0 | 80 | 80 | 80 | 146,7 | 146,7 | 146,7 |
| Н.Хваршини | 3,6 | 3,6 | 3,6 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 7,0 | 7,0 | 7,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 30 | 30 | 30 | 47,6 | 47,6 | 47,6 |
| Метрада | 46,3 | 46,3 | 46,3 | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 9,0 | 9,0 | 9,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 25 | 25 | 25 | 86,3 | 86,3 | 86,3 |
| Гакко | 19,8 | 19,8 | 19,8 | 7,0 | 7,0 | 7,0 | 33,0 | 33,0 | 33,0 | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 120 | 120 | 120 | 184,8 | 184,8 | 184,8 |
| Сильди | 20,8 | 20,8 | 20,8 | 3,0 | 3,0 | 3,0 | 9,0 | 9,0 | 9,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 40 | 40 | 40 | 73,8 | 73,8 | 73,8 |
| Эчеда | 49,7 | 49,7 | 49,7 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 10,0 | 10,0 | 10,0 | 35,0 | 35,0 | 35,0 | 50 | 50 | 50 | 150,7 | 150,7 | 150,7 |
| Кеди | 34,4 | 34,4 | 34,4 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 7,0 | 7,0 | 7,0 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 50 | 50 | 50 | 101,4 | 101,4 | 101,4 |
| Саситли | 20,0 | 20,0 | 20,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 13,0 | 13,0 | 13,0 | 2,0 | 2,0 | 2,0 | 35 | 35 | 35 | 71,0 | 71,0 | 71,0 |
| Цумада | 4,4 | 4,4 | 4,4 | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 30 | 30 | 30 | 50,4 | 50,4 | 50,4 |
| В.Гаквари | 30,7 | 30,7 | 30,7 | 12,0 | 12,0 | 12,0 | 9,0 | 9,0 | 9,0 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 40 | 40 | 40 | 95,7 | 95,7 | 95,7 |
| Н.Гаквари | 15,6 | 15,6 | 15,6 | 28,0 | 28,0 | 28,0 | 17,0 | 17,0 | 17,0 | 7,0 | 7,0 | 7,0 | 45 | 45 | 45 | 112,6 | 112,6 | 112,6 |
| Гадири | 20,9 | 20,9 | 20,9 | 18,0 | 18,0 | 18,0 | 13,0 | 13,0 | 13,0 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 30 | 30 | 30 | 85,9 | 85,9 | 85,9 |
| Гигатли | 68,8 | 68,8 | 68,8 | 45,0 | 45,0 | 45,0 | 17,0 | 17,0 | 17,0 | 6,0 | 6,0 | 6,0 | 30 | 30 | 30 | 166,8 | 166,8 | 166,8 |
| Шава | 101,0 | 101,0 | 101,0 | 68,0 | 68,0 | 68,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 3,0 | 3,0 | 3,0 | - | - | - | 173,0 | 173,0 | 173,0 |
| Кочали | 325,4 | 325,4 | 325,4 | 12,0 | 12,0 | 12,0 | 4,0 | 4,0 | 4,0 | 1,0 | 1,0 | 1,0 | 10 | 10 | 10 | 352,4 | 352,4 | 352,4 |
| Агвали | 979,0 | 979,0 | 979,0 | 112,0 | 112,0 | 112,0 | 161,0 | 161,0 | 161,0 | 2,0 | 2,0 | 2,0 | 20 | 20 | 20 | 1274,0 | 1274,0 | 1274,0 |
| Итого: | 2245,0 | 2245,0 | 2245,0 | 465,0 | 465,0 | 465,0 | 435,0 | 435,0 | 435,0 | 129,0 | 129,0 | 129,0 | 950,0 | 950,0 | 950,0 | 4224,0 | 4224,0 | 4224,0 |

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1202
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru